

# Nou bezwen ranplasan paran pou edikasyon

N'ap chache volontè ki ka vin Ranplasan Paran (Surrogate Parents) pou elèv andikape ki bezwen asistans nan priz desizyon ki konsène edikasyon-yo. Anplwaye School Board pa ka asepte responsablite sa.

**Rele nan nimewo  
754-321-3466**



## Atelye Enfòmasyon Paran sou Edikasyon Elèv Esepsyonèl

Pou plis enfòmasyon rele:  
754-321-3466  
FDLRS Parent Services

Si yon bagay enkyete ou sou jan pitit-ou ap devlope, ranpli fòm Child Find Referral Form (tibebe rive laj 5an) sou sit [browardschools.com/childfind](http://browardschools.com/childfind) oswa rele nan nimewo 754-321-7200. Resous disponib sou sit [bit.ly/3hZ5vfC](http://bit.ly/3hZ5vfC).

The Florida Diagnostic and Learning Resources System reserwa finansman nan men Leta Edikasyon Divizyon Lekol Piblik. Blwo Edikasyon Esepsyonèl ak Elèv, grasa ed federal apwouve dapre lwa pou Moun andikape (IDEA), Pati B; IDEA Pati B, Preskolè; ak revni Leta.  
BED<HC#298/is/20>  
Document translated by the Bilingual/ESOL Department (08/20)



## Èske ou gen enkyetid sou jan pitit ou

- Tande?
- Mache?
- Pale?
- Konpòte li?
- Wè?
- Ap aprann?



**Ranpli fòm Child Find Referral Form (tibebe rive laj 5an) sou sit [browardschools.com/childfind](http://browardschools.com/childfind)**

**754-321-7200**



**The School Board of Broward County, Florida**

Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good  
Donna P. Korn • Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood  
Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entedi tout regleman oswa pwosedi ki lakoz diskriminasyon sou baz laj, koulè, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks, oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lot gwoup ki deziye aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka rele Direkktè, depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonate Ekite/Title IX Distri a nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki bezwen akomodasyon ka rele depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](http://browardschools.com)



# sou Chemen

# Child Find

Broward County Public Schools  
Florida Diagnostic & Learning Resources System



**Pwogram preskolè disponib pou timoun andikape.**

**Paran pap peye anyen pou sèvis li resevwa.**



## Child Find Founi:

- Tès evalyasyon gratis nan domenn pale, langaj, devlopman mouvman, vizyon, tande ak aprantisaj.
- Enfòmasyon sou lòt pwogram ki disponib nan kominote a pou elèv ki gen bezwen espesyal e ki nan preskolè.
- Konsiltasyon pwofesyonèl pou paran.
- Paran timoun ki gen bezwen espesyal ka prete liv, video ak kit aprantisaj nan Sant Medya/Bibliyotèk Florida Diagnostic & Learning Resources System (FDLRS), nimewo telefòn 754-321-3428.

Elèv ki elijib se elèv ki gen andikap (dizabilite): Pwoblèm Pale ak Langaj, Reta nan Devlopman, Otis (Autism), Soud ak di pou Tande, Pwoblèm wè, Pwoblèm koyitif.